OPEN ACCESS
Edulogia: Jurnal Pendidikan dan Keislaman
Vol. 1 No. 3. April 2026, pp. 147-151 E-ISSN: xxx-xxx
Research Article

# The History of Karakalpak Musicians
# Qaraqalpaq Muzíkasíníń Kelip Shíǵíw Tariyxí

**Azada Jalǵasbaeva[1], Gúlbaxar Axímbetova[2]**
[1,2] Uzbekistan State Institute of Arts And Culture

**Article Info**
Received: 15 March 2026
Revised: 27 March 2026
Accepted: 29 March 2026
Online Version: 6 April 2026

**Corresponding Author:**
Pak Eunyoung,
Korean Teacher of "Foreign Languages" department in Tashkent Kimyo International University in Namangan branch.
75A, Chortoq street, Namangan, Uzbekistan.
Email:
pak.eunyoung1@gmail.com

**Abstract.** This study aims to examine the role and characteristics of Karakalpak folk songs in social life, as well as the aesthetic and social values they embody. The research employs a descriptive qualitative method through a literature review approach. The findings reveal that folk songs play a significant role in shaping aesthetic sensitivity, fostering love for life, homeland, and labor, and serving as a medium for expressing human emotions. Karakalpak folk songs have developed in close connection with the social and cultural life of the community and have been transmitted orally from generation to generation through a master-apprentice tradition. Musically, these songs exhibit diverse forms and can be classified based on their pitch range, melodic structure, and performance techniques into narrow-range and wide-range songs. Furthermore, folk songs function as a reflection of history, a marker of cultural identity, and a means of education and spiritual enrichment for the community. Therefore, Karakalpak folk songs are not merely a form of entertainment but also represent a valuable cultural heritage with significant aesthetic, educational, and historical importance.

**Keywords**: Karakalpak folk songs, aesthetics, culture, traditional music, oral heritage

**Annotatsiya:** Bul izertlewdiń maqseti – qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń jamǵıyet turmısındaǵı ornın, olardıń estetikalıq hám áleumettik áhmiyetin anıqlawdan ibarat. Izertlewde deskriptiv kualitativ metod, ádebiyatlardı talaw arqalı paydalanıldı. Nátijede, xalıq qosıqlarınıń adamnıń estetikalıq sezimlerin qalıptastırıwda, ómirge, Watanga hám miynetke degen súyispenshilikti arttırıwda, sonday-aq adamnıń ishki sezimlerin bildiriwde úlken áhmiyetke iye ekenligi anıqlandı. Qaraqalpaq xalıq qosıqları jamǵıyet turmısı menen tıǵız baylanısta rawajlanıp, awızeki túrde áwladtan-áwladqa ustaz-shákirt jolı arqalı jetip kelgen. Muzıkalıq jaqtan alǵanda, olar túrli formalarǵa iye bolıp, diapozonı, melodiyalıq dúzilisi hám atqarıwshılıq usılı boyınsha tar hám keń diapozonlı qosıqlarǵa bólinedi. Sonday-aq xalıq qosıqları xalıqtıń tariyxın, milliy ózligin sáwlelendiriwshi, ruwxıy tárbiya beriwshi hám mádeniy baylıqtı saqlawshı áhmiyetli derek retinde qızmet etedi. Demek, qaraqalpaq xalıq qosıqları тekgina kóńil ashıw quralı emes, bálki joqarı estetikalıq, tárbiyalıq hám tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan ulıwma mádeniy miyras bolıp tabıladı.

**Tiykarǵı sózler:** qaraqalpaq xalıq qosıqları, estetika, mádeniyat, dástúriy muzıka, awızeki miyras

© 2026 by the author(s)
This article is an open-access article distributed under the terms and

conditions of the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International
(CC BY SA) license (https://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/).

| | |
|---|---|
| Journal Homepage | https://ejournal.aripendis.com/edulogia |
| How to cite: | Jalǵasbaeva, A., & Axímbetova, G. (2026). The History of Karakalpak Musicians. *Edulogia: Jurnal Pendidikan dan Keislaman, 1*(3), 132-146. |
| Published by: | Yayasan Pendidikan Islam Bintang Nusantara |

## INTRODUCTION (KIRISIW)

Muzıka óneri adamzat turmısında áhmiyetli orın iyelep, tek ǵana kóńil ashıw quralı bolıp qalmay, bálki sezimlerdi bildiriw, qatnas quralı hám mádeniy-áleumettik qımbatlıqlardı qalıptastırıwshı faktor retinde qızmet etedi. Ásirese, dástúriy jamǵıyetlerde muzıka keńirek qızmet atqarıp, moralıq qımbatlıqlardı jetkiziw, tárbiya beriw hám áleumettik turmıstı sáwlelendiriwshı qural bolıp tabıladı. Osı turǵıda, xalıq qosıqları muzıka óneriniń eń áhmiyetli túrlerinen biri esaplanadı.

Xalıq qosıqları – bul áwladtan-áwladqa awızeki túrde jetip kelgen mádeniy miyras bolıp, olardıń rawajlanıwı jamǵıyet turmısı, tariyxı hám mádeniyatı menen tıǵız baylanısta boladı. Xalıq qosıqları kóbinese awızeki túrde saqlanıp, ustaz-shákirt jolı arqalı jetkizilip, xalıqtıń milliy ózligin, qımbatlıqların hám dúniyeqarasın sáwlelendiredi. Sonday-aq olar adamnıń quwanıshı, qayǵısı, arzıw-ármanı hám basqa da ishki sezimlerin bildiriwde áhmiyetli orın tutadı.

Qaraqalpaq xalıq turmısında qosıqlardıń ornı oǵada joqarı. Olar tek ǵana túrli toy-tamashalarda, dástúrli sharálar menen sheklenbey, bálki adam ómiriniń barlıq kezeńlerinde qatar júrip, tuwılǵannan baslap ómiriniń aqırına shekem áser etip keledi. Bul dástúrler jıraw, baqsı, qıssaxan sıyaqlı xalıq óner wákilleriniń iskerligi arqalı rawajlanıp, xalıq arasında keń taralǵan.

Muzıkalıq jaqtan alǵanda, qaraqalpaq xalıq qosıqları túrli quram hám formalarǵa iye. Olar melodiyalıq dúzilisi, diapozonı hám atqarıwshılıq usılı boyınsha bir-birinen parıqlanadı. Ásirese, qosıqlar tar diapozonlı hám keń diapozonlı bolıp eki iri toparǵa bólinedi. Bul bolsa xalıqtıń muzıkalıq ónerindegi baýlıq hám dóretiwshilik múmkinshiliklerin kórsetedi.

Biraq, qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń estetikalıq qásiyetleri hám áleumettik funkciyaları boyınsha izertlewler jetkilikli dárejede emes. Sonlıqtan, bul izertlew qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń ornın, qásiyetlerin hám olardaǵı qımbatlıqlardı tereńirek talawǵa baǵıtlanǵan. Izertlew nátijeleri xalıq mádeniy miyrasın saqlaw hám rawajlandırıwda, sonday-aq dástúriy muzıkanı izertlew salasına úles qosadı dep kútilmekte.

## RESEARCH METHOD (IZERTLEW METODIKASI)

Bul izertlew kualitativ jantaswǵa tiykarlańǵan bolıp, deskriptiv túrde alıp barıldı. Bul jantasw tańlanıwınıń sebebi – qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń ornın, qásiyetlerin, sonday-aq olardaǵı estetikalıq hám áleumettik qımbatlıqlardı tereńirek túsindiriw bolıp tabıladı.

Izertlewdiń derek kózleri birinshiden, tiykarǵı (birinshi) derekler hám ekinshiden, qosımsha dereklerden ibarat. Tiykarǵı derekler qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń tekstleri hám olardıń atqarılıwına baylanıslı materiallardan quraladı. Qosımsha derekler bolsa ádebiyatlar, yaǵnıy ilimiy maqalalar, kitaplar hám burınǵı izertlew jumısları arqalı alındı.

Dereklerdi jıynaw usılları retinde ádebiyatlardı úyreniw (studiya pustaka) hám dokumentaciya qollanıldı. Ádebiyatlardı úyreniw arqalı muzıka óneri, estetika hám xalıq qosıqlarınıń áleumettik funkciyalarına baylanıslı teoriyalar qarastırıldı. Dokumentaciya arqalı bolsa qosıqlarǵa tiyisli tekstler, jazbalar hám basqa materiallar jıynaldı.

Dereklerdi talaw deskriptiv kualitativ analiz metodı arqalı alıp barıldı. Talaw procesinde dereklerdi qısqartıw (reduksiya), tártiplestiriw hám juwmaqlaw kezeńleri qollanıldı. Analiz negizinen qosıqlardıń muzıkalıq qásiyetlerin, dúzilisin, mazmunın hám ondaǵı qımbatlıqlardı anıqlawǵa baǵıtlandı.

Usı metodika arqalı izertlew qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń jamǵıyet turmısındaǵı ornı hám ózgesheliklerin keń túrde ashıp beriwge múmkinshilik beredi.

## RESULTS AND DISCUSSION (NÁTIJELER HÁM TALQILAW)

Adamlardıń hár tárepleme estetikalıq zawıqqa bóleniwine qosıqtıń tásiri oǵada kúshli bolǵan. Ápiwayı hám jaydarı sózlerden quralǵan qosıqlar barlıq waqıtta adamnıń ómirge, gózzallıqqa degen súyiwshiligin arttırıp, óziniń eń jaqsı ideyaları menen xalıqtı tárbiyalap keledi. Bunday qosıqlar Watandı qádirlewge shaqıradı, miynetke degen súyispenshilikti arttıradı hám júreklerde muhabbat sezimlerin oyatadı. Sebebi qosıq hám saz arqalı insan quwanıshın, shadlıǵın, qayǵısın, arzıw-ármanların, ishki sezimlerin, debdiwlerin shıǵara alǵan. Qosıq adamdı sıyqırlap alatuǵın kúshke iye ekenligi hámmege belgili. Sonlıqtan da sóz benen jetkere almaǵan názik oyların saz arqalı jetkergen.

Xalıq qosıqları xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birgelikte tıǵız baylanısıp rawajlanıp kelgen. Olar hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Jıynalǵan jámáát milliy dóretpelerimiz bolǵan dástanlarımızdı, xalıq qosıqları menen namalarımızdı uyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy dem alıslar sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken.

Xalıq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jolı menen biziń zamanımızǵa shekem jetip kelgen. Muzıka miyrasınıń dóretiwshileri, saqlawshıları, qosıqshılar, sázendeler hám basqa da xalıq dóretiwshileriniń wákilleri ásirler boyı xalıqtıń kórkem-óner miyrasın esinde saqlap kelgen. Xalıq arasında muzıka ónerine degen qızıǵıwshılıq júdá kúshli bolǵanlıǵı sebepli, muzıka mádeniyatı jaqsı rawajlanıp kelgen.

Xalıqta hár qıylı dárejedegi talant iyeleriniń dóretpeleri ishinde xalıq júreginen orın iyelegen shıǵarmalardıń eń hasılları saqlanıp, usı kúnge shekem jetip, búgingi atqarıwshılardıń repertuarlarında tiykarǵı orınlardı iyelep kelmekte. Sebebi bul dóretpelerde ideyalıq mazmunı jaǵınan xalıqtıń aqıl-oyı, arzıw-ármanları, keleshekke bolǵan umtılısları sáwlelengen. Sonıń menen birge, xalıq qosıqları xalıqtıń tariyx aynası bolıp, milletimizdiń ózligin ańlatıp turǵan.

Solay etip, qaraqalpaq xalıq muzıkası atqarıwshılardıń bóliniwine hám shıǵarmanıń specifikalıq ózgesheligine qaray anıqlanadı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń túrleri oǵada kóp. Olar keń kólemde bolıp, namanıń ápiwayılıǵı, quramalılıǵı, oniń forması, jáne de atqarıwshılıq usılı jaǵınan eki iri toparǵa: tar diapozonlı qosıqlar hám keń diapozonlı qosıqlar bolıp bólinedi. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń ishinde ayırım qosıqlar teksti jaǵınan júdá ápiwayı bolıp hám olardıń qosıq qatarları úsh cezuradan qurılǵan. Olardıń nama dúzilisi júdá ápiwayı, qısqa túrde kvarta, kvinta hám siyregirek seksta intervallardan ibarat bolıp, tar diapozonlı qosıq toparına kiredi [1:384 bet].

Qosıqlarda ápiwayı xalıqtıń turmıs haqıyqatlıǵı anıq kórinedi. Awır dáwir waqtında dórelgen bunday hasıl dóretpeler óziniń qunın usı kúnge shekem joǵaltpaǵan. Xalıq óz

qosıqlarına húrmet penen qaraǵan hám qádirlep saqlay bilgen. Ata-babalarımızǵa ruwxıy mádet baǵıshlaǵan awızeki xalıq dóretpeleriniń esap-sanı joq.

Filologiya ilimleriniń doktorı N.Dáwqaraev «Qaraqalpaq xalqı - óziniń qayǵılı kúnlerinde de, quwanıshlı kúnlerinde de qosıqsız, saz-sáwbetsiz, awızeki poeziyasız jasay almadı»-dep jazǵan. Bulda qosıq adamǵa tuwılǵan waqtınan baslap joldas bolǵanlıǵın, insannıń ómiriniń aqırına shekem tikkeley baslanıslı bolatuǵınlıǵın da ańlawımızǵa boladı .

Rus ilimpazı A.Belyaev 1903-jılı Sankt Peterburg Universitetinde 5-kurs studenti waqtında folklordı jıynaw hám izertlew jumısları menen qaraqalpaq awılların aralaǵan hám xalıqtıń qosıqshılıǵın kórip tań qalıp, olardı «Qaraqalpaqlar dala búlbilleri»-dep atap ótken. Bul haqıyqatlıqtı kórgen ilimpazlar biziń xalqımızdıń qosıq penen tuwılıp, qosıq penen jasaytuǵınına hám qosıq penen dúnyadan ótetuǵınına tiykarlanıp aytqan. Qosıq xalıq turmısındaǵı hár qanday tariyxıy ózgerislerge qaramastan xalıqtıń ruwxıy baylıǵı bolıp xızmet etip kelgen. Kórkem-óner xalıqqa zawıqlı ómir baǵıshlaw menen birge óziniń tınımsız miyneti arqalı jaqsı turmıs keshiriwge talpındırıp, ruwxıy jaqtan qollap quwatlap, arzıw-niyetlerine qaray jeteleydi.

Xalıq qosıqları hár qıylı toy-tamashalarda, geshteklerde atqarılǵan. Bir awılǵa jıraw, baqsı, qıssaxanlar kelse alıs-jaqın awıllardan adam qalmay qurǵa jıynalǵan. Toplanǵan insanlar dástanlarımızdı, xalıq qosıqları menen namalardı uyıp otırıp tıńlaytuǵın bolǵan. Mine usınday mádeniy kórinisler sol waqıttaǵı xalıq turmısında úlken tárbiya mektebi bolıw menen birge, olarǵa ruwxıy baylıq inám etken. Xalq dóretpeleriniń hámmesi awızeki túrde áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa, alıs-alıs awıllardan izlep kelip ustaz-shákirt túsiw jol menen bizin zamanımızǵa shekem jetip kelgen [2:112 bet].

Xalıq namaların muzıkalıq jaqtan izertlewinde belgili ózbek kompozitorı Ikrom Akbarov «Qaraqalpaq xalıq namaları» toplamında ol qaraqalpaq namaların «Qosıqlar» hám «Dástanlar» dep ekige ajıratıp kórsetedi [3:234 bet]. Sonday-aq ol qaraqalpaq namalarınıń ózine tán melizmler, ritmikalı súwreti, ladı hám basqa da tuwısqan xalıqlar muzıkası menen baylanısı haqqında aytıp ótken. Qaraqalpaq namaları kóbinese quramalı formada, keń diapozonda, hár tárepleme rawajlanıp, ırǵaqları milliy koloritine say bolıp keledi.

## CONCLUSION (JUWMAQ)

Joqarıdaǵı talqılawlarǵa súyene otırıp, qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń jamǵıyet turmısındaǵı ornı oǵada joqarı ekenligi anıqlandı. Olar tek ǵana estetikalıq zawıq beriwshi qural emes, bálki adamnıń ishki sezimlerin bildiriwshi hám tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan áhmiyetli faktor retinde kórinedi. Qosıqlar arqalı adamlar ózleriniń quwanıshın, qayǵısın, arzıw-ármanların bildire aladı, sonday-aq Watanga degen súyispenshilik, miynetke bolǵan qızıǵıwshılıq hám adamgershilik qımbatlıqlar qalıptasadı. Xalıq qosıqları jamǵıyet turmısı menen tıǵız baylanısta rawajlanıp, awızeki túrde áwladtan-áwladqa jetkizilip kelgen hám bul jerde jıraw, baqsı, qıssaxan sıyaqlı óner wákilleriniń úlesi úlken.

Sonday-aq, qaraqalpaq xalıq qosıqları milliy ózlikti hám tariyxıy sananı sáwlelendiriwshi áhmiyetli derek bolıp tabıladı. Muzıkalıq jaqtan olar túrli forma hám dúziliske iye bolıp, diapozonı, melodiyalıq quramı hám atqarıwshılıq usılı boyınsha parıqlanadı. Melizmler, ritmikalı súwret hám tuwısqan xalıqlar muzıkası menen baylanısı olarǵa ózine tán estetikalıq baylıq beredi. Demek, qaraqalpaq xalıq qosıqları tek ǵana kóńil ashıw quralı emes, bálki joqarı estetikalıq, áleumettik hám tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan qımbatlı mádeniy miyras retinde saqlanıwı hám rawajlandırılıwı kerek.

**REFERENCES (PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR)**

Nadırova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. Tashkent, 2018.

Иўлдошева С. «Фольклорэтнографик жамоалар услубиёти». Тошкент. Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси «ФАН» нашриёти 1999 й.

Акбаров И.А. Қарақалпақ халық намалары. – Тошкент: Госиздат, 1959.

**Copyright Holder :**
© Azada Jalǵasbaeva et al (2026).

**First Publication Right :**
© Edulogia: Jurnal Pendidikan dan Keislaman

**This article is under:**